



Pou Piblikasyon Imedya: 22/03/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL AVÈTI KONSOMATÈ YO SOU FWÒD AK MENAS SEKIRITE
SIBÈNETIK YO PANDAN ENVAZYON LARISI NAN IKRÈN NAN**

***Fè don bay òganizasyon verifye ak repite yo ki itilize kontribisyon pou pote sekou
bay Ikrenyen ki nan bezwen yo***

***Ajans Eta a yo pibliye rekòmandasyon pou pwoteje ak sekirize enfòmasyon
sansib ou yo, rete alète sou menas sibènetik ki ogmante yo***

Gouvènè Kathy Hochul avize Nouyòkè yo jodi a sou fwòd kont òganizasyon byenfezans yo ak menas sibènetik ki ogmante yo ki gen rapò ak envazyon Vladimir Putin nan Ikrèn. Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la te resevwa enfòmasyon sou demann fwòd yo pou lajan sekou bay òganizasyon byenfezans yo pou sipòte viktim gè a. Nou ankouraje konsomatè yo pou yo byen evalye nenpòt demann pou lajan epi verifye òganizasyon byenfezans yo anvan yo fè don lajan oswa founiti. Gouvènè Hochul ankouraje tou Nouyòkè yo pou yo rete sou gad yo lè y ap pibliye enfòmasyon sansib sou entènèt nan mitan yon ogmantasyon nan menas kont sekirite sibènetik yo atravè itilizasyon rekòmandasyon sekirite Depatman Fiskalite ak Finans lan. Sa fè swivi ak kreyasyon [Sant Operasyon Sekirite Konjwent](#) (Joint Security Operations Center, JSOC) Gouvènè a ki sèvi kòm sant pou inisyativ sibènetik lokal, eta ak federal konjwent yo.

"New York se lakay pi gwo popilasyon Ikrenyèn lan nan Etazini epi Nouyòkè yo toujou bay kout men pou pran swen sila yo ki nan bezwen", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Sepandan, nou dwe rete pridan kont sila yo ki eseye komèt fwòd, nan pwofite jantiyès lòt yo. Nan jenewozite ou pou ede zanmi ak fanmi Ikrenyen nou yo, sonje si yon bagay sanble sispèk, se petèt sa. Ankouraje zanmi ak fanmi ou yo, espesyalman pwòch ki pi aje yo, pou yo rete vijilan sou entènèt".

Nenpòt lè gen katastwòf ki rive, raketè yo atake kè moun k ap chèche bay èd yo. Envazyon Ikrèn nan bay yon opòtinite pou raketè yo monte òganizasyon byenfezans ki fo oswa pou fè yo pase pou viktim gè toutbon. Gen lòt ki konsevwa sitwèb pou imite sit ofisyèl yon òganizasyon byenfezans lejitim pou vòlè lajan donatè ki pa sispèk yo ak/oswa vòlè enfòmasyon pèsònèl yo.

Sekretè Deta a, Robert J. Rodriguez, te deklare, "Yo rekonèt Nouyòkè yo kòm moun ki bay sipò ak jenere anvè sila yo ki nan bezwen. Pandan gè Ikrèn nan ap fè raj, raketè

yo pral kontinye parèt ap itilize estrateji emosyonèl ak demann ki fo nan tantativ pou twonpe konsomatè yo. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou pwoteje bon entansyon yo ak toujou chèche enfòmasyon sou yon òganizasyon byenfezans anvan yo fè don pou asire lajan yo touche nan travay di prale jwenn sila yo ki bezwen toutbon sipò yo".

Komisè pa Enterim Enpo ak Finans lan, Amanda Hiller, te deklare, "Kriz global nan Ikrèn lan te entansifye preyokipasyon sou atak sibènètik yo, kidonk nou tout dwe vijilan pou anpeche enfòmasyon konfidansyèl yo tonbe nan move men, atak pou refi sèvis ak lòt konsekans negatif yo".

Direktè Enfòmasyon Biwo Sèvis Teknoloji Enfòmasyon (Information Technology Services, ITS) an, Angelo 'Tony' Riddick, te deklare, "Yon bann Nouyòkè ki gen bon entansyon te fè don bay òganizasyon byenfezans yo pou sipòte popilasyon Ikrèn nan epi y ap fè ladiferans. Malerezman, jenewozite a kreye tou nouvo opòtinite pou kriminèl sibènètik yo eksplwate. Pou pwoteje tèt ou ak pou asire don jenere ou a toujou ale jwenn sila yo ki vreman bezwen èd la, ITS mande Nouyòkè yo pou respekte pi bon pratik sa yo ak pou rete vijilan akòz menas sou entènèt resan yo ak fwòd sibènètik yo".

Komisè Divizyon Sekirite Teritwa ak Sèvis pou Ijans Eta a (Division of Homeland Security and Emergency Services), Jackie Bray, te deklare, "Chak Nouyòkè gen yon wòl pou yo jwe lè sa gen pou wè ak sekirize enfòmasyon pèsònèl yo ak pwoteje tèt yo kont menas sibènètik yo. Nou konnen nan moman bezwen, move aktè yo deyò ap chèche pwofite sila yo k ap eseye ede. Si w ap eseye sipòte popilasyon Ikrèn nan atravè don sou entènèt oswa dijital, rete vijilan ak swiv pi bon pratik sa yo pou asire don ou yo otantik epi enfòmasyon ou yo rete an sekirite".

Senatè Eta a, Kevin Thomas te deklare, "Sa di anpil bagay sou vwazen nou yo ke tèlman anpil Nouyòkè te pran mezi pou ede popilasyon Ikrenyèn nan. Malerezman, li te kreye tou yon gwo opòtinite pou raketè yo eksplwate kriz sa pou benefis pèsònèl yo. Mwen ankouraje Nouyòkè yo pou rete vijilan epi pran mezi anplis pou asire kontribisyon jenere yo ale jwenn kòz lejitim yo".

Manm Asanble Nily Rozic te deklare, "Raketè yo eseye nouvo metòd pou twonpe ou toutan, menm pandan yon kriz entènasyonal. Pandan Nouyòkè yo mete ansanm pou sipòte Ikrèn nan moman bezwen yo, li enpòtan pou konsomatè yo gen konpetans ak konesans pou asire lòt moun pa pwofite de yo. Mwen rekonesan anvè Gouvènè Hochul dèske l ap asire Nouyòkè yo pa sibi fwòd pou jantiyès yo".

Raketè yo souvan fè kontak atravè rezo sosyal, imèl non solisite, apèl telefòn oswa mesaj tèks. Yo ka mande voye lajan atravè yon aplikasyon peman tankou Cash App, Venmo oswa Zelle, transfere lajan an nan yon kont bankè aleksteryè oswa voye kat kado prepeye. Anpil fwòd resan gen ladan demann pou don nan lajan kripto tankou Bitcoin oswa Ethereum. Raketè yo kreyatif epi ap kontinye panse sou nouvo fason pou twonpe moun, kidonk, konsomatè yo dwe toujou rete vijilan.

Pou evite lajan don yo tonbe nan move men, Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la rekòmande pran prekosyon sa yo:

- **Verifye demann lan.** Raketè yo souvan fè pase tèt yo kòm zanmi, fanmi oswa enterè womantik sou rezo sosyal ak mande don; sa fasil pou kopye foto oswa enfòmasyon byografik lòt moun ak kreye yon fo kont sou entènèt. Si ou resevwa yon demann ou pa te solisite pou don sekou sou entènèt, menm si li parèt se yon moun ou konnen, konekte avèk moun lan dirèkteman atravè yon lyen kominikasyon diferan pou verifye demann lan. Pa klike sou okenn lyen oswa ranpli okenn fòmilè anvan ou verifye sous la. Si demann lan soti kote yon moun ou te resamman rankontre sou entènèt, gen chans pou se yon fwòd epi ou dwe pridan sitou.
- **Fè rechèch sou òganizasyon byenfezans lan.** Pa konte sou yon sitwèb òganizasyon byenfezans sèlman. Fè rechèch sou entènèt anvan ou fè don bay nenpòt òganizasyon byenfezans nan itilize non gwoup la plis tèm rechèch tankou "kòmantè" ak "fwòd". Komisyon Komès Federal la rekòmande verifye give.org, charitynavigator.org, charitywatch.org, oswa candid.org pou wè rapò ak evalyasyon pou òganizasyon byenfezans yo. Ou kapab verifye tou Sèvis Revni Entèn (Internal Revenue Service, IRS) pou verifye ke yon òganizasyon byenfezans anrejistre. Biwo Pwokirè Jeneral la rekòmande tou pou revize rejis òganizasyon byenfezans yo pou jwenn rapò finansye yo anvan ou fè don pou asire òganizasyon byenfezans lan kòrèk fiskalman.
- **Reziste ak taktik gwo presyon yo.** Pandan sitiyaasyon an ijan, konsomatè yo dwe reziste ak presyon pou fè don touswit. Raketè yo souvan fè presyon sou ou pou fè don touswit, sa ki lakòz ou neglije siyal wouj yo nan istwa yo a. Mefye w de imèl dirèk "viktim" ak demandè ki itilize istwa ki touche kè, k ap ensiste pou ou fè don touswit. Pa bay lajan nan telefòn bay vandè ou pa te solisite; olye de sa, mande moun ki rele a pou li voye dokiman alekri sou òganizasyon byenfezans lan epi kote pou w fè don an, si ou vle.
- **Kenbe enfòmasyon pèsònèl yo konfidansyèl.** Pa janm bay nimewo Sekirite Sosyal ou, nimewo kat kredi oswa kat debi ou oswa lòt enfòmasyon pèsònèl ki ka idantifye yo kòm repons ak yon demann òganizasyon byenfezans ou pa te solisite. Si w ap fè don sou entènèt, asire koneksyon entènèt ou sekirize anvan ou kontinye ak demann don yo.
- **Mande kijan lajan ou an pral depanse.** Konsomatè yo vle konnen lajan yo prale dirèkteman bay viktim yo. Yon òganizasyon byenfezans ki vrè dwe kapab fè ou konnen konbyen nan don ou an ki prale dirèkteman bay pwogram lan pa rapò ak frè administratif yo.
- **Fè don atravè chèk oswa kat kredi.** Pa janm bay lajan apati lajan kach, kat kado, lajan kripto oswa nenpòt mwayen peman k ap difisil pou retrace. Bay kontribisyon ou atravè chèk oswa kat kredi ke ou gen rejis don an. Fè chèk bay òganizasyon byenfezans lan, se pa bay yon moun endividyèl. Si ou chwazi fè don sou sitwèb yon òganizasyon byenfezans, verifye ke sitwèb la sekirize epi òdinatè ou ekipe avèk dènye pwoteksyon kont viris.

Si ou sispèk ou te tonbe sou yon tantativ pou resevwa don ki se fwòd, ou kapab depoze yon plent nan Divizyon Pwoteksyon Konsomatè Eta New York la nan <https://dos.ny.gov/file-consumer-complaint>.

Liy Asistans pou Konsomatè Divizyon an ouvri lendi rive vandredi, sof jou ferye nan Eta a, depi 08:30 a.m. jiska 04:30 p.m nan 1-800-697-1220. Ou kapab jwenn plis enfòmasyon ak konsèy lè w swiv Divizyon Pwoteksyon Konsomatè (Division of Consumer Protection) a sou rezo sosyal sou Twitter ([@NYSConsumer](https://twitter.com/NYSConsumer)) ak Facebook nan (www.facebook.com/nysconsumer.)

Nan mitan preyokipasyon entènasyonal entansifye sou sekirite sibènètik, Depatman Fiskalite ak Finans Eta New York la pataje tou yon seri konsèy enpòtan pou ede kontribiyab yo pwoteje enfòmasyon prive yo pandan yon sezon taks ak pandan ane a:

Mefye ou de imèl ak apèl telefòn ou pa solisite yo k ap mande enfòmasyon pèsònèl. Pa janm pataje enfòmasyon pèsònèl tankou nimewo sekirite sosyal ou, pou reponn ak yon imèl oswa apèl telefòn ou pa solisite. Si imèl oswa apèl la di se yon konpayi ke ou fè zafè ak li, rele li dirèkteman pou konfime kontak la lejitim. Raketè yo souvan itilize taktik panik ak mennas ki gen rapò ak dèt fiskal pou fè ou pataje enfòmasyon pèsònèl ak finansye ou.

Sekirize aparèy mobil ou. Aplike mizajou lojisyèl ki korije vilnerabilite yo osito yo vin disponib. Itilize opsyon sekirite ki entegre nan aparèy ou, tankou modpas, epi itilize pwogram ki chifre done ak elimine kontni adistans si aparèy la pèdi oswa yo vòlè li.

Pridan avèk pwèn aksè Wi-Fi yo. Pwèn aksè piblik san fil yo pa sekirize, sa vle di li fasil pou atakè sibènètik yo wè sa w ap fè sou aparèy mobil ou pandan ou konekte. Limite sa ou fè sou Wi-Fi piblik epi evite konekte sou kont sansib.

Konnen aplikasyon ou yo. Byen revize detay ak espesifikasyon yon aplikasyon anvan ou telechaje li. Revize ak konprann règleman sou vi prive chak aplikasyon mobil. Konnen aplikasyon an ka mande aksè ak pozisyon ak enfòmasyon pèsònèl ou.

Fè atansyon ak enfòmasyon ou pataje sou rezo sosyal. Evite afiche dat nesans, nimewo telefòn, adrès lakay oswa imaj ki idantifye travay oswa lwazi ou. Yon rezon: kalite enfòmasyon sa yo kapab itilize pou detèmine repons pou kesyon sekirite ki itilize pou redefini modpas epi fè ou yon sib pou raketè k ap chèche antre sou kont ou ak enfòmasyon pèsònèl ou.

Itilize modpas ki solid. Kreye diferan modpas pou tout kont ou yo. Lè sa gen pou wè ak modpas, eseye itilize youn ki gen 14 karaktè, ki se estanda endistri aktyèl la. Itilize yon konbinezon lèt (majiskil ak miniskil), nimewo ak senbòl. Konsidere itilize fraz sekret kote ou itilize premye lèt yon fraz memorab pou kreye yon modpas konplèks ki difisil pou yo devine. Chanje regilyèman modpas/fraz sekret ou.

Varye kesyon sekirite ou yo. Pa itilize menm kesyon sekirite a sou plizyè kont. Chwazi kesyon sekirite yo ke yo pa ka devine oswa jwenn repons yo nan fè rechèch sou rezo sosyal oswa entènèt.

Itilize verifikasyon de etap pou antre sou kont yo. Pou amelyore sekirite kont sou entènèt yo, lè sa posib, egzije yon modpas ak yon kòd sekirite anplis pou verifye idantite ou lè ou konekte.

Atansyon ak phishing. Pa klike sou lyen, telechaje fichye oswa ouvri atachman nan imèl ki soti kote ekspedite ou pa konnen. Ouvri atachman yo sèlman lè w ap tann yo ak konnen sa yo gen ladan, menm si ou konnen ekspedite a.

Li enpòtan pou w regilyèman revize etap nesèsè yo pou [sekirize enfòmasyon sansib ou yo](#).

Rapòte li. Si ou se yon viktim oswa kwè ou ka yon viktim vòl idantite ki gen rapò ak taks, alète nou sou sa touswit. N ap swiv enfòmasyon ou yo pou ede kenbe yo prive ak pwoteje. Ale sou pajwèb [Rapòte Fròd, Eskwokri, ak Vòl Idantite](#) Depatman Fiskal la.

Depatman Fiskal la itilize kriptaj avanse, firewall, sistèm deteksyon enfraskyon ak lòt mezi sekirite pou pwoteje sistèm nou yo ak done sansib yo, men kontribiyab yo dwe itilize yon apwòch pwo-aktif pou pwoteje tèt yo sou entènèt.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)